

TEMWAYAJ DE MALYA VILLARD APPOLON

Lage Komisyon Entè Ameriken Dwa Moun

Pandan yon odyans sou mezi prekasyon 340-10
Fanm ak Tifi nan Kan Deplase an Ayiti

25 mas 2011

Onorab Manm Komisyon Intè Amerikèn Dwa Moun,

Mèsi pou okazyon ke nou ban mwen pou mwen temwaye jodi a. Mwen rele Malya Villard-Appolon. Mwen se Kowòdonatris Jeneral e fondatris KOFAVIV, yon òganizasyon fanm de baz ki ap travay avèk fanm ki viktim vyolans seksyèl, kote mwen menm tou mwen te viktim vyòl.

Yon lòt fwa ankò, nou remèsye Komisyon Intè Amerikèn Dwa Moun paske li te fè apèl a gouvènman Ayisyen an pou li pwoteje fanm ak ti fi k'ap sibi anba zak vyolans seksyèl nan kan yo. Yon lane aprè katastròf 12 Janvyè 2010 lan, fanm ak Tifi tou jou ap viv nan kan yo nan movès kondisyon dijèn e ap fè fas ak anpil lòt difikilte tankou:

1. Pa gen ase manje, dlo potab, ak aksè a edikasyon;
2. Gouvènman Ayisyen an poko devlope plan daksyon pou:
 - a. Relanse pouvwa ekonomik fanm Ayisyèn yo;
 - b. Ni yo pa gen plan pou ede moun deplase yo soti nan kan yo e jwenn lojman pèmanan
3. Sou kesyon la sante, fanm ak ti fi ki vyole yo pa ka jwenn bon jan pwogram dijans avan 72 è ki ka trete VIH/SIDA ak gwosès prekòs.
4. Sak plis, pa gen yon pwogram medical spesyalize pou reponn a bezwen kategori timoun 1an a 8an ki viktim vyolans seksyèl.

Tout bagay sa yo fè fanm ap sibi yon epidemi vyolans seksyèl.

KOFAVIV kontinye travay nan kan yo ak kominote yo pou rive ede viktim yo al resevwa swen nan lopital, èd sikolojik, e jwenn bon jan avoka fanm pou plede kòz yo. Nou ede tou timoun ki ofelen, timoun ki nan restavèk, ak Tifi k'ap viv nan prostitisyon fòse aprè tranbleman de tè a.

Malgre tout efò ak travay KOFAVIV “GBV sub-cluster” Nasyon Zini an Ayiti kontinye ap fè diskrimasyon lè li pa mete non KOFAVIV sou kat referans ak esklizyon lòt òganizasyon de baz yo.

Pa konsekan, nou mande ak anpil respè pou onorab Komisyon a vizite nou an Ayiti pou obsève sitiyasyon dwa fanm ak timoun k'ap viv nan kan yo.

Mèsi.